

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Naskah drama “Odeu” karya Lugiena Dea miboga unsur carita anu diwangun ku téma, fakta carita (alur, tokoh, jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur panitén, jeung gaya basa). Salian éta, struktur naskah drama “Odeu” ogé diwangun ku prolog, dialog, wawancang, kramagung, solilokui, aside, babak, adegan, jeung épilog. Satuluyna ieu panalungtikan ogé diulik ku psikologi sastra, anu ngawengku aspék kapribadian jeung papasingan émosi. Aspék kapribadian diwangun ku *id*, *ego*, jeung *superego*. Sedengkeun papasingan émosi diwangun ku émosi kabungah, kaambek, kasieun, jeung kasedih. Naskah drama “Odeu” mangrupa salah sahiji naskah drama anu dipagelarkeun dina Festival Drama Basa Sunda (FDBS), ku Téater Sunda Kiwari. Ieu naskah drama nyaritakeun aya dua sobat dalit nyaéta Wardi jeung Mirka, anu geus lila babarengan ti mangsa ngora kénéh nepi ka geus kolot, lantaran duanana ancrub kana widang téater.

Téma dina naskah drama “Odeu” nyaéta museur kana kahirupan sapopoé, hususna moral jeung kapribadian atawa karakter. Alur dina naskah drama nyaéta maju-mundur, lantaran katitén ayana *flashback* dina runtuyan caritana. Tokoh anu aya dina naskah drama nyaéta Wardi, Mirka, Tini, jeung Uja. Anu kabagi dua, nyaéta tokoh utama jeung tokoh tambahan, tokoh utamana Wardi jeung Mirka, sedengkeun tokoh tambahan Tini jeung Uja. Latar tempatna nyaéta di gedong téater (panggung jeung korsi panongton). Latar waktuna nuduhkeun wanci peuting. Teu kapaluruh ayana nuduhkeun latar sosial. Gaya basa anu kapaluruh dina naskah drama “Odeu” aya opat, nyaéta gaya basa sindir, ngupamakeun (*simile*), mijalma, jeung rarahuan (*hiperbola*). Salian éta, dipedar ogé unsur-unsur naskah dramana anu ngawengku prolog, dialog, wawancang, kramagung, solilokui, aside, babak, adegan, jeung épilog.

Dina naskah drama “Odeu” dipedar aspék kapribadian ti tokoh utamana, anu ngawengku *id*, *ego*, jeung *superego*. Unggal tokoh utama nyaéta Wardi jeung Mirka miboga aspék-aspék kapribadianna séwang-séwangan. Tapi antara Wardi jeung Mirka miboga bébédana dina aspék anu leuwih dominan ti *id*, *ego*, jeung *superego*.

Wardi anu miboga kahayang gedé sangkan ieu gedong téh teu diruntagkeun, lantaran ieu gedong téh jadi saksi hirupna. Éta hal katitén jelas tina aspék *id* jeung *ego*. Kitu deui tokoh Mirka, anu miboga kahayang sangkan ieu gedong teu diruntagkeun, tapi upama nitén tokoh Mirka mah dina kapribadianna euweuh anu dominan antara *id*, *ego*, jeung *superego*. Anu hartina yén aspék kapribadian Mirka mah leuwih saimbang antara *id*, *ego*, jeung *superego*. Patalina antara aspék kapribadian jeung papasingan émosi, tokoh Wardi jeung Mirka miboga karakter anu béda. Tokoh Wardi leuwih ngutamakeun kana kabutuhan dasar dirina, anu antukna émosi kabungah ti diri Wardi leuwih loba dikedalkeun. Lantaran ayana hiji hal anu geus kacumponan ku dirina atawa ayana *stimulus* ti jalma séjén pikeun ngarangsangna éta émosi kabungah. Salian éta, Wardi ogé leuwih réa ngedalkeun émosi kasedih, lantaran hal anu utamana nyaéta sangkan ieu gedong téater teu diruntagkeun téh teu kacumponan. Anu antukna, jadi mangaruhan ka hal-hal séjén anu ngabalukarkeun timbulna émosi kasedih. Sedengkeun tokoh Mirka, anu réa dikedalkeunna nyaéta émosi kabungah. Upama dipatalikeun jeung karakter Mirka anu protagonis, éta hal luyu. Lantaran Mirka moal mikiran hal-hal anu teu bisa dikontrol ku dirina.

5.2 Implikasi

Naskah drama “Odeu” mangrupa salah sahiji karya sastra Sunda anu di jerona miboga amanat anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Ieu panalungtikan tangtu teu leupas tina tiori-tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, salah sahijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda.

Kamekaran karya Sunda bisa dimangpaatkeun minangka salah sahiji cara ngawanohkeun sastra Sunda, hususna ka para generasi satuluyna sangkan daék mikawanoh kana karya sastra Sunda. Salian ti éta, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban data ngeunaan karya sastra hususna dina widang naskah drama.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan ngeunaan *Naskah Drama “Odeu” Karya Lugiena Dea (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)* dilaksanakeun. Panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna jeung hususna pikeun kamékaran sastra Sunda.

Kahiji, panalungtikan sarupa anu maluruh psikologi sastra perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat sacara umum. Anu jadi tinimbang sangkan kapanggih aspék psikologi sastra dina karya-karya séjén jeung pangarang séjén.

Kadua, Lembaga paélmuan dipiharep bisa jadi wadah anu bisa ngajénan sarta ngahudangkeun karep masarakat dina ngajénan karya sastra hususna karya sastra Sunda dina widang naskah drama.